
Dezenfeksyon EVS Ki Fèt Byen: Tiye Jèm sou Sifas

PROJECT FIRSTLINE

Jèm yo kapab viv sou sifas etablisman swen sante yo pandan plizyè semèn rive plizyè mwa, ki se rezon ki fè dezenfekte sifas yo nan fason kòrèk tèlman enpòtan.

1. **Tcheke sifas la pou asire w li pa bezwen netwaye anvan.**



2. **Li etikèt dezenfektan an pou jwenn tan kontak li.**
   - **Lè w ap sèvi ak chifon dezenfektan, asire w ke w fèmen resipyan an yon fason pou yo pa sèch.**



3. **Aplike dezenfektan an dapre enstriksyon tan kontak etikèt la.**



4. **Reapply if needed to make sure the surface remains wet for the full contact time.**



Yon fwa tout tan kontak la fin pase, dezenfektan an te fè travay li!

Aprann Plis

Enfografi Sifas Sèch yo: https://bit.ly/3NsoUtV
pou w Li Etikèt yon Dezenfektan: https://bit.ly/4bxqVy7

www.cdc.gov/ProjectFirstline

CDC U.S. CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION

Gid Diskisyon Mikwo-Aprantisaj:

Tan Kontak pou Sèvis Anviwònmantal (EVS)

PROJECT FIRSTLINE

Prepare:

Travayè sèvis anviwònmantal yo (EVS) se premye liy defans nan kanpe move jèm pou yo pa pwopaje nan anviwònman swen sante a. Travayè EVS yo se ekspè ann konprann ak itilize tan kontak dezenfektan pou tiye jèm sou sifas swen sante. Ofiramezi w ap prezante enfòmasyon annapre a, ofri egzanp enpòtan bay ekip ou a ak nenpòt direktiv espesifik ak etablisman w lan ki genyen rapò ak sijè sa a.

Pataje enfòmasyon kle:

- Jèm danjere kapab siviv sou sifas pandan plizyè semèn oswa mwa, ki se rezon ki fè dezenfekte sifas yo nan fason apwopriye tèlman enpòtan.
- Tan kontak se kantite tan ou kite yon sifas mouye ak yon dezenfektan pou tiye jèm yo nan fason efikas. Si w pa kite sifas la mouye pou kantite tan kontak apwopriye a, w ap kite jèm dèyè apre w fin siye.
- Se poutèt sa siye sifas ak bagay ki sèch pa mache.
    - **Nòt fasiliatè a:** *Dekri* fason espesifik ke etablisman w lan asire li dezenfeksyon fèt nan fason ki kòrèk (egz., tès ATPase, odit).

Kijan pou w dezenfekte sifas yo:

1. **Tcheke sifas la** pou wè si sa vizib ke li parèt sal epi li bezwen ke w netwaye li avan w dezenfekte li.
2. **Li etikèt dezenfektan an** epi revize enstriksyon kontak la avan w itilize li, paske genyen kèk jèm ki gendwa mande yon tan kontak diferan.
    - **Nòt fasilitatè a:** *Demontre ki kote pou jwenn tan kontak sou resipyan dezenfektan an yo.*
3. **Aplike dezenfektan an daprè enstriksyon etikèt dezenfektan an.**
4. **Reverifye sifas la** pou asire li pa t sèch twò vit. Si sa parèt vizib sifas la pa mouye ankò epi tan kontak la poko rive, mete dezenfektan sou li ankò.

- Sifas la dezenfekte yon fwa tan kontak la pase.
- Pandan w ap sèvi ak chifon dezenfektan, asire w ou fèmen kouvèti a yon fason pou chifon yo pa seche, sa ki pral fè ke yo pa bon ankò.

Ranfòse pwen kle yo:

- Kenbe sifas yo mouye ak dezenfektan ase lontan pou yo ka fonksyone.
- Swiv tan kontak apwopriye ap ede tiye jèm nan anviwònman swen sante.

Mikwo-Aprantisaj EVS: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon

PROJECT FIRSTLINE

Gid Itilizatè a



Konsènan Mikwo-Aprantisaj EVS

Travayè sèvis anviwònman (EVS) se manm enpòtan nan ekip sante a epi yo jwe yon gwo wòl nan kanpe pwopagasyon jèm nan sante Pwojè Mikwo-Aprantisaj Firstline: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon se yon seri diskisyon gide k ap ofri opòtinite edikasyon tou kout nan travay la sou sijè enpòtan konsènan enfeksyon nan travay EVS.

Itilizasyon Mikwo-Aprantisaj EVS

Mikwo-aprantisaj la gendwa enkòpore nan opòtinite kote travayè EVS yo reyini, tankou "rasanbleman" oswa reyinyon ekip anvan peryòd travay. Se yon manm ekip ki genyen eksperyans nan ekspètiz espesifik kontwòl enfeksyon EVS ki dwe dirije oswa fasilite reyinyon an.

Chak pake mikwo-aprantisaj EVS genyen ladann yon gid diskisyon ki kapab adapte pou fasilitatè ak yon èd travay. N ap ankouraje fasilitatè yo pou revize avan yo prezante.

Gid Diskisyon. Gid diskisyon an pa yon eskrip. N ap ankouraje fasilitatè yo pou adapte gid la pou piblik yo, pou sa y ap enkòpore kesyon ak lide enpòtan ak pratik ladann. Pa egzanp, fasilitatè yo kapab konekte kontni a ak responsablite travay piblik la, ka oswa pwoblèm ki konsène etablisman an, resous ak pwen kontak, ak lòt enfòmasyon.

Èd Travay. Dokiman yon paj, èd travay vizyèl pou ede ranfòse mesaj kle mikwo-aprantisaj la. N ap ankouraje fasilitatè yo pou rann èd travay la disponib apre sesyon mikwo-aprantisaj la sou fòm dijital oswa kopi di.

Sèvi ak kòd QR la pou bay fidbak sou fòmasyon sa a.